



Vil Cambridge Lòd Ijans ki Egzije pou Itilize Pwoteksyon Figi

Vil Cambridge delivre yon lòd ijans ki **egzije pou mete yon pwoteksyon pou figi w nan tout zòn piblik, biznis ak espas kouran edifis rezidansyèl yo**. Odonans lan ap rantre an vigè a 12:01 p.m nan mèkredi 29 avril epi **l ap valab pou tout moun ki gen plis pase senk lane**, sof ke si li reponn ak machasuiv Sant Pou Kontwòl Maladi yo (Centers For Disease Control) oswa Ministè Sante Piblik Massachussetts te bay yo. **Ou ka peye yon amann \$300 si w komèt enfraksyon sa yo**.

"Nou rekonesan ak moun sa yo nan Cambridge ki te konsidere sèvis konsèy sou ansyen mask nou yo epi ki te pran pwoblèm sa a oserye, nou gen sousi sou kantite rezidan ki kontinye soti ale achte, mache, kouri epi monte bisiklèt nan tout vil la san yo pa mete okenn pwoteksyon nan figi yo, "se sa Majistra Siddiqui epi Manadjè Vil DePasquale te deklare nan yon deklarasyon yo te fè ansanm. "Nou dwe fè pati pa nou an pou establi trajektwa epi asire nou fè prevansyon pou anpeche pwopagasyon COVID-19 pi devan. Manda sa mete aksan sou enpòtan pou mete yon pwoteksyon nan figi w, se pa si w vle mete li, men se yon egzijans li ye nan jefò nou pou konbat epidemi sa a ansanm."

Lòd lan valab pou tout moun ki gen plis pase senk lane "san eksepsyon, lè li, nan oswa tou pre" zòn piblik yo, jan yo defini sa:

- Twotwa
- Lari
- Pak
- Plaza
- Estasyon otobis
- Pakin oswa garaj ki pa rezidansyèl
- Tout lòt zòn ki deyò oswa pakin ki pa rezidansyèl ki louvri epi piblik a an jeneral gen aksè ak li.

Egzijans pou mask la valab tou pou **nenpòt moun k ap travay oswa ap vizite yon biznis enpòtan, menm jan pou achte ak konsomatè yo**. Ou dwe rete ak mask ou pandan tout lè travay yo oswa moun k ap vizite biznis sa yo. Biznis lòd lan valab yo gen ladan yo:

- Boutik oswa makèt
- Famasi
- Kote pou fè lesiv otomatik
- Dray
- Kenkayri yo
- Restoran, ba oswa etablisman ki sanblab ak kote yo prepare epi kapab achte manje, repa oswa bwason

- Edifis gouvènman lokal yo
- Edifis biwo komès yo
- Tout biznis Gouvènè Baker defini nan Dekrè li a ki sòti 23 mas 2020 an

Nan edifis rezidansyèl yo ki gen de oswa plis inite (apatman), mask yo pral obligatwa avan w rantre nan nenpòt espas kouran, tankou:

- Lobby
- Koulwa
- Asansè
- Eskalye
- Sal pou fè lesiv
- Garaj oswa pakin
- Twotwa
- Lakou ak lòt espas kouran ki deyò yo
- Sal sèvis kourye ak lòt espas kouran ki andedan yo

Y ap raple rezidan yo pou yo tounen yon modèl pozitif pou kominote a lè y ap mete mask yo pandan lòd sa a. Depatman Lapolis Cambridge la pral konsantre li pou fòme moun k ap vyole sa epi bay mizangad ak rezidan sa yo ki pa vle kolabore yo. Pou sila yo ki derefize respekte sa volontèman, yo pral gen pou yo peye yon amann \$300. Yo pral bay yon semèn gras pou pèmèt tout moun respekte sa.

Ou kapab jwenn tout tèks lòd ijans lan ansanm ak plis enfòmasyon, videyo, kesyon moun poze sou pwoteksyon figi a sou www.cambridgema.gov/maskfigi

Antanke yon rapèl, pwoteksyon pou figi a pa ranplase distans fizik la epi pou lave men ou yo souvan, ki rete yon mwayen efikas pou frennen pwopagasyon Kovid-19 la. Sèl mwayen ki plis efikas pou redwi pwopagasyon Kovid-19 la se rete lakay.

Vil la angaje li pou idantifye resous pou ede rezidan yo ak biznis yo travèse moman difisil sa a. Pou jwenn plis enfòmasyon ak enskri pou resevwa mizajou sou Kovid-19, tanpri vizite paj enfòmasyon Vil la yo mete pou sa nant www.cambridgema.gov/kovid19